ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№148 (23.556) ● 2017 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 3, махуэку ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр Инстаграмым Хьэуа-десант дзэхэм хэтхэмрэ ветеранхэмрэ я махуэмкІэ щохъуэхъу

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Хьэуа-десант дзэхэм къулыкъу щызыщІэхэм, ветеранхэм я махуэмкІэ Инстаграмым езым щиІэ напэкІуэцІым щехъуэхъуащ.

«КЪЭРАЛ псом щІыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ щагъэлъапІэ Урысейм Іэщэкіэ Зэщіэхэзэда и Къарухэр зэрыгушхуэ Хьэуа-десант дзэхэм я махуэр.

Хьэуа-десант дзэхэр лІыгъэм, хэкур фІыуэ лъагъуным, къулыкъум хуэпэжу щытыным щыхуагъасэ школщ икІи ар къызэранкІащ ди республикэм щыщ щІалэ куэдым. Десантым хэтхэм щхьэмыгъазэу икІи іэкІуэлъакІуэу ягъэзащІэ дзэ Іуэхум пыща къызэрымыкІуэ къалэн гугъуэхр. Хэхауэ фІыщІэ псалъэхэр яхуэфащэщ ветеранхэм. Абыхэм ирахьэкІа дзэ лэжьыгъэшхуэр бошэчагъым, егугъуныгъэм, къэралым и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэгъэза жэуапІыныгъэшхуэм я щапхъэщ.

Узышагъэ, насып фиІэну, фи уафэр къабзэу щытыну, Хэкум къулыкъу хуэщІэныжмкІэ ехъулІэныгъэщІэхэр къэфхьыну си гуапэщ», - къыщыгъэлъэгъуащ хьуэхъум.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.



2017 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу республикэм и промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ нэхъри заужьащ

Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и управленэу КъБР-м щыІэм къипщытэжащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр 2017 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм зэрекІуэкІар.

БЛЭКІА ильэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ промышленностым и продукцэр проценти 101,6-рэ мэхъу.

Экономикэм и унэтІыныгъэ щхьэхуэм хуэгъэзауэ къапщтэмэ, ар сырьем щелэжь Іэнатіэм проценти 100,1-рэ, электрокъарукІэ, газкІэ, бахъэкІэ къызэрыгъэпэщ Іэнатіэм процент 111,4-рэ щыхъуауэ.

Къыщіагъэкі продукцэм щыхэхъуащ ерыскъыхэкІхэр щащІ Іэнатіэм (проценти 101-рэ), щэкІ зэІущахэр щащІ Іэнатіэм (хуэди 3,3-кІэ), щыгъынхэр зыгъэхьэзыр Іэнатіэм (проценти 120,6-рэ), фэмрэ фэм кІыхьэщІыкІа продукцэмрэ зыгъэхьэзыр Іэнатіэм (проценти 116,6-рэ), пхъэм елэжь, унэтІащІэм нэмыщІ, пхъэмрэ пхъэмыфырмрэ кІыхьэщІыкІа продукцэ къыщІэзыгъэкІ Іэнатіэм (хуэди 3,1-кІэ), тхыльымпІэрэ тхыльымпІэм кІыхьэщІыкІа продукцэмрэ зыгъэхьэзыр Іэнатіэм (проценти 142,2-рэ), полиграфием и Іэнатіэм (проценти 109,4-рэ), хущхьуэхэмрэ медицинэм кІыщагъэсэбэп адрей материалхэмрэ зыщІ Іэнатіэм (проценти 100,9-рэ), хьэфэмрэ пластмассэмрэ елэжь Іэнатіэм (проценти 122,8-рэ), гъущІу щымыт адрей минералхэм продукцэ кІыхэзыщІыкІ Іэнатіэм (проценти 103,5-рэ), металлургием и Іэнатіэм (проценти 101,3-рэ), машинхэмрэ оборудованэмрэ хэмыту, металлым кІыхэзыщІыкІа пкІыгъуэ хьэзырхэр кІыщІэзыгъэкІ Іэнатіэм (проценти 131,5-рэ), компьютерхэр, электрон, оптикэ продукцэр зыщІ Іэнатіэм (проценти 143,9-рэ), адрей гупхэм хэмыт машинэхэмрэ оборудованэмрэ зыщІ Іэнатіэм (проценти 114,7-рэ), унэльащІэ кІыыщІэзыгъэкІ Іэнатіэм (хуэди 2-кІэ). Апхуэдэу нэхьыбэ хьуащ электрокъаруэ (проценти 111,7-рэ), хуабэ энергиеу (проценти 110,4-рэ) къалэжьыр.

«Ухуэныгъэ» лэжьыгъэм хиубыдэу зэфІагъэкІахэр, абыхэм хозяйственнэ Іэмалым тету ирагъэкІуэкІа ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэхэри яхэту, сом меларди 3,1-рэ и уасэ мэхъу. Ильэс ныкъуэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и организацэхэмрэ унагъуэхэмрэ псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мини 113,7-рэ кІыззрыкІ фэтэрыщІэу 1225-рэ яухуащ, 2016 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм елъытауэ ар метр зэбгъуэзнатІэ мини 3,9-кІэ (проценти 3,5-кІэ) нэхьыбэщ. Къуажэхэм фэтэр 234-рэ щащІащ, псори зэхэту метр зэбгъуэзнатІэ мини 25,4-рэ хьууэ икІи ар республикэм щаухуа псэупІэхэм я процент 22,3-рэ мэхъу. ПсэупІэхэм я процент 58,7-р зыщІар фэтэр куэд хуэ псэупІэ унэхэр ухуэным елэжь организацэхэрщ. Абыхэм хьэзыр ящІащ псэупІэ метр зэбгъуэзнатІэ мин 66,7-рэ, нэгъуэщІ жыпІэмэ, нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ хуэди 6,7-кІэ нэхьыбэ.

Агропромышленнэ комплексыр. Мэкъумэш продукцэ къэзылажь псоми (мэкъумэш организацэхэм, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм, унагъуэхэм) зекІуэ уасэхэм ятещІыхьауэ къраухьэлІащ мэкъумэш продукцэу сом меларди 10,2-рэ и уасэ, 2016 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм елъытауэ процент 100,5-рэ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къыззритамкІэ, 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м ирихьэлІэу мэкъумэшыщІэхэм гъавэмрэ джэшхэкІхэмрэ (нартыхур хэмыту) гектар мин 28,5-м щыІуахыжащ икІи псори зэхэту гъавэу тонн мин 93,2-рэ кърахьэлІэжащ. Йку иту гектар къэс центнер 32,7-рэ къытрахащ.

Мэкъумэш продукцэр къэзылажь псоми ягъэхъу Іэщыгъэ джэдкъазымрэ я бжыгъэр блэкІа ильэсым и апхуэдэ льэхъэнэм елъытауэ нэхьыбэщ. 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу быымыр мин 272,1-рэ (процент 1,7-кІэ нэхьыбэ), абы щыщу жэмхэр мини 132,7-рэ (проценти 2,4-кІэ нэхьыбэ), мэлымрэ бжэнхэмрэ мин 389,3-рэ (проценти 2,5-кІэ нэхьыбэ), джэдкъазыр мелуани 3,9-рэ (проценти 2,9-кІэ нэхьыбэ) хьууэ щытащ.

Хьэльэзешэ автомобиль транспорткІэ предприятэ псоми, абыхэм коммерческэ хьэльэхэр къезышэкІ хьэрычэтыщІэхэри яхэту, хьэльэу тонн мин 469,2-рэ ягъэІэпхъащ, ар тонно-километр мелуан 37,6-рэ мэхъу. Хьэльэу ягъэІэпхъуэр процент 47,4-кІэ нэхьыбэ хьуащ. Транспорт лІэужьыгъуэ псомкІи зекІуэ цІыхухэм я бжыгъэр мелуан 24,5-м ноблагъэ.

Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КъБР-м щыІэм къытахэм япкъ иткІэ.

Уэлбанэшхуэм къихьа зэранымгъэхэр ягъэзэкІуэж

КъБР-м и Правительствэм и Унэм блыщхьэ кІуам щекІуэкІащ къыззрымыкІуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхьуэмырэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьнымкІэ, мафІэсым и шынагъуэ щымыгъэІэнымкІэ республикэм и Правительствэм и комиссэм и зэІущІэ.

АР иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ, комиссэм и тхьэмадэ Бэлэтокъуэ Владимир. ЗэІущІэм кърихьэлІащ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэр, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

Псалъэмакъыр зытеухуауэ щытар 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м щыІа уэлбанэшхуэм, уэм, жьапщэшхуэм я зэран зэкІа уэхуэныгъэхэр зэрызэрагъэпащІыжыр. А махуэм зэранымгъэ ягъуэтащ жылагъуэ 14-м, социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ1анІэхэм (Лэскэн, Тэрч муниципальнэ районхэм я еджанІэхэм я унащхьэхэр трихащ), мэкъумэш къэкІыгъэхэм гектар мин 5-м щІигъуэ зэщІыныгъэшхуэ щагъэтащ.

Бэлэтокъуэ Владимир къыхигъащхьэхуэкІащ уэлбанэшхуэм къихьа зэранымгъэхэр гъэзэкІуэжьныным республикэм и муниципальнэ Іэнатіэхэм зэгъэкІуауэ икІи еужьэрэкІыу зэрыщелэжьыр. Псалъэм папщІэ, Тэрч районым щыщ унагъуэу 27-м я унащхьэхэр зэрызэрагъэпэщыжьи ахъшэ хухахащ.

ЗэІущІэм унафэ къыщащтащ Лэскэн районым щыщ Арщыдан къуажэм дэт курыт еджапІэ №1-мрэ №3-мрэ я унащхьэхэр зэгъэпэщыжыным текІуэдэну сом мин 300-р, Тэрч районым щыщ Акъбаш Ипщэм дэт школыр зэгъэпэщыжыным текІуэдэну сом зы мелуаныр гъэтІылъыгъэ фондым къыхэхыным и Іуэхукіэ КъБР-м и Правительствэм и унафэм и проектыр.

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Университетымрэ «Этана» комплексымрэ зэдэлэжьэнущ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Альтуд Юрий иджыблагъэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ яхуэзащ «Этана» промышленнэ комплексыщІэм и генеральнэ директор Іэщын Сергейрэ гъэзэщІакІуэ директор Юртаев Антонрэ. ЗэІущІэм апхуэдэу кърихьэлІащ Хуисейм �щІэныгъэхэмкІэ и академием Географиемкіэ и институтым и профессор, географие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-мрэ Географиемкіэ институтымрэ зэщІыгъуу ягъэзащІэ дунейпсо грантым и унафэщІ Гуня Алексей, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэмрэ еджагъэшхуэхэмрэ.

ЗЭІУЩІЭМ къыщащта унафэм ипкъ иткІэ къызэрагъэпэщынущ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ «Этана» промышленнэ комплексымрэ я инновацэ предприятэ мыиныр - «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэпІэзэрыт зыужьыныгъэмкІэ и центр» зыфІащар. Абы и къалэн нэхъыщхьэу щыпынущ «Этана» промышленнэ комплексым зэпІэзэрыт зыужьыныгъэмкІэ и программэр щІэныгъэ-методологие лъэныкъуэкІэ щІэгъэбыдэныр. Предприятэ зэгъэтым апхуэдэу гулъытэ хуищІынущ «Этана» промышленнэ комплексыр зыхуэныкъуэ Іэщ1агъэлІхэр зэрырагъэджэну программэхэр гъэхьэзырыным.

КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэуіум и 3, *махуэку*

♦**Къэзахъстаным щагъэлъапІэ транспорт Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я маІуэр**

♦**1778 гъэм** Милан къыщыщІэзІуахащ «Ла Скала» оперэм и унэр.

♦**1799 гъэм** урысеидзэм и кхъухьхэр Тыркум япэ дыдэу хуит ищІащ Босфор псы дэжьпІэм къыпэрымыуэу дигъэкІыну.

♦**1783 гъэм** Куржым и Къуэпсэ лъэныкъуэр Урысейм хьыхьащ.

♦**1942 гъэм** ЗыхъумэжьыныгъэмкІэ Налшык комитетым къищтащ зыхъумэжьныгъэмкІэ гупхэр кІыззгъэпэщыным теухуа унафэ.

♦**1952 гъэм** Хельсинки щыззхуащІыжащ XV Къэмахуэ Олимп джэгуэр. Абы япэ дыдэу СССР-м и спортсменхэр хэтащ.

♦**1959 гъэм** Москва къыщызэІуахащ къэрал куэдым я лІыкІуэхэр зыхэта япэ кинофестивалыр.

♦**1980 гъэм** Москва щызэхуащІыжащ XXII Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр

♦**1994 гъэм** Налшык къыщызэІуахащ. Бгырысхэм я дунейпсо конгресс.

♦КъБР-м и цІыхубэ суэрэтыщІ, скульптор, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зрата **Бжэ1умых Хьид** къызэралъхуэр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Молдавием щыщ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр, Лениным и цІыхькІэ ягъэуВауэ щыта саугъэтыр зыхуагъэфэща **Биешу Марие** къызэралъхуэр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Усакіуэ **КІэмыргуей Анатолэ** къызэралъхуэр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Публицист, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мэшыкъуэ Тэзал** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Урысей хоккеист, дунейм и чемпион, Олимп джэгуэхэм тІэунейрэ я чемпион **Васильев Валерий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Джаурджий Оксанэ** къыщалъхуэ махуэщ.

♦Белоруссием щыщ биатлонистка цІэрыІуэ, дуней псом тІэунейрэ, Олимп Джэгуэхэм щэнейрэ я чемпионкэ **Домрачевэ Дарье** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

♦Щыщащ Пащтыхь-Тхьэгъуэ жьхуаІэр. Щагъэжа щІыпІэм деж илъэсищэм нэблагъэкІэ щыльащ ар, тонн щитІым нэблагъэ и хьэльэгъуи, кьахуэмыгъэхьейуэ. Архитектор Монферран Огюст ар бгъэІэпхъуэ зэрыхъуну Іэмалыр кьигупсыри, щыщхьэуІум и 4-м тхьэгъуэшыр трагъэуВауэ щытащ абы хуагъэхьэзыра лъагапІэм.

♦**1888 гъэм** Томск къалэм университет къыщыщІэзІуахащ.

♦**1892 гъэм** Ульянов Владимир (Ленин) хеящІэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІыну хуит ящІащ.

♦**1902 гъэм** къызэІуахащ Темзэ псы щІагъэм щауэкІуэдия лъэс зекІуапІэр. Абы зэпищІат Лондон и хьэблитІ.

♦Америкэм щыщ джаз музыкант, композитор цІэрыІуэ **Армстронг Луи** къызэралъхуэр илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, дзэ оркестрымрэ хорымрэ я дирижёру щыта, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м и цІыхубэ артист, Лениным, Сталиным я щІыхькІэ щыІа саугъэтхэр зрата, генерал-майор **Александров Борис** къызэралъхуэр илъэси 112-рэ ирокъу.

♦ЩІэныгъэлІ, абхъазадыгэ бзэ гупыр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Куржымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Рогавэ Георгий** къызэралъхуэр илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыакіуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Шыкъ Михаил** къызэралъхуэр илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Палестинэм и унафэщІу щыта **Арафат Ясир** къызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущІэ, Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэ **Абдулатипов Рэмзэан** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Іэк1атэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦США-м и президент, Нобель и саугъэтым и лауреат **Обамэ Барак** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлъатэзекуэ, Урысейм и Лыхъужь **Цей Эдуард** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Шыщхьэуіум и 4, *мэрем*

♦**1777 гъэм** Лондон дунейм щыяпэу иджырей цирк къыщызэІуахащ.

♦**1836 гъэм** Москва и Кремлым и пщІанТІэм щагъэуващ Пащтыхь-Тхьэгъуэ жьхуаІэр. Щагъэжа щІыпІэм деж илъэсищэм нэблагъэкІэ щыльащ ар, тонн щитІым нэблагъэ и хьэльэгъуи, кьахуэмыгъэхьейуэ. Архитектор Монферран Огюст ар бгъэІэпхъуэ зэрыхъуну Іэмалыр кьигупсыри, щыщхьэуІум и 4-м тхьэгъуэшыр трагъэуВауэ щытащ абы хуагъэхьэзыра лъагапІэм.

♦**1888 гъэм** Томск къалэм университет къыщызэІуахащ.

♦**1892 гъэм** Ульянов Владимир (Ленин) хеящІэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІыну хуит ящІащ.

♦**1902 гъэм** къызэІуахащ Темзэ псы щІагъэм щауэкІуэдия лъэс зекІуапІэр. Абы зэпищІат Лондон и хьэблитІ.

♦Америкэм щыщ джаз музыкант, композитор цІэрыІуэ **Армстронг Луи** къызэралъхуэр илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, дзэ оркестрымрэ хорымрэ я дирижёру щыта, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м и цІыхубэ артист, Лениным, Сталиным я щІыхькІэ щыІа саугъэтхэр зрата, генерал-майор **Александров Борис** къызэралъхуэр илъэси 112-рэ ирокъу.

♦ЩІэныгъэлІ, абхъазадыгэ бзэ гупыр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Куржымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Рогавэ Георгий** къызэралъхуэр илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыакіуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Шыкъ Михаил** къызэралъхуэр илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Палестинэм и унафэщІу щыта **Арафат Ясир** къызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущІэ, Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэ **Абдулатипов Рэмзэан** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Іэк1атэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦США-м и президент, Нобель и саугъэтым и лауреат **Обамэ Барак** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлъатэзекуэ, Урысейм и Лыхъужь **Цей Эдуард** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бзум и лым хуэдэщ и лэпсри.

Иджыри зы дыщэ Сараевэ къраш

Босниемрэ Герцеговинэмрэ я къалащхьэ Сараевэ щекІуэкІа спорт бэнэкІэмкІэ ныбжьыщІэхэм я европэ зэхьэзэхуэм и иужь махуэм дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ Джылахъстэнэм щыщ адыгэ щІалэщІэ Гъуэныбэ Іэуес. Блыщхьэ кІуам абы къыпищащ ди лъахэгъуэ Шыбзыхъуэ Аликрэ Ныр Исмэхьил-Бэчрэ а зэпеуэ дыдэм щызыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэм.

ШЫБЗЫХЪУЭ Аликрэ Ныр Имэхьил-Бэчрэ я текІуэныгъэхэр къыщахьар бэнэкІэ хуитрамэ, Гъуэныбэ Іэуес зыкъыщигъэлъэгъуауэ алыдж-ируи бэнэкІэращ. Килограмм 76-м нэс си хьэлъагъэхэм я зэпеуэм ди щІалэм къыщыпэлъэщын къыхэкІакъым икІи финалым Куржым щыщ Цопурашвили Георгий 2:0-у щыхигъащІэри, Европэм щынэхъ лъэщ дыдэ хъуащ.

Сараевэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм кьигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым бэнакІуэ лъэрызехьэхэр зэрыщагъэхьэзырыр. Шэч хэлъкъым абыхэм Махуэ Билал, Урыш Анзор, Джэду Аниуар хуэдэхэр мыгувэу къаІэрыхэкІынум.

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.

2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щІынымкІэ зыхуэплъэхэм я планым (программэм) и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м *Налшык къалэ* *№133-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ зэращІым и Іуэхукіэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №49-РЗ-м и 7-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкур приватизацэ щІынымкІэ зыхуэплъэхэм я планыр (программэр) къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэриты хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩІымрэ мылъкумрэ я Іуэхухэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын Пащтыхь-Тхьэгъуэ жьхуаІэр. Щагъэжа щІыпІэм деж илъэсищэм нэблагъэкІэ щыльащ ар, тонн щитІым нэблагъэ и хьэльэгъуи, кьахуэмыгъэхьейуэ. Архитектор Монферран Огюст ар бгъэІэпхъуэ зэрыхъуну Іэмалыр кьигупсыри, щыщхьэуІум и 4-м тхьэгъуэшыр трагъэуВауэ щытащ абы хуагъэхьэзыра лъагапІэм.

♦**1888 гъэм** Томск къалэм университет къыщызэІуахащ.

♦**1892 гъэм** Ульянов Владимир (Ленин) хеящІэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІыну хуит ящІащ.

♦**1902 гъэм** къызэІуахащ Темзэ псы щІагъэм щауэкІуэдия лъэс зекІуапІэр. Абы зэпищІат Лондон и хьэблитІ.

♦Америкэм щыщ джаз музыкант, композитор цІэрыІуэ **Армстронг Луи** къызэралъхуэр илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, дзэ оркестрымрэ хорымрэ я дирижёру щыта, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, СССР-м и цІыхубэ артист, Лениным, Сталиным я щІыхькІэ щыІа саугъэтхэр зрата, генерал-майор **Александров Борис** къызэралъхуэр илъэси 112-рэ ирокъу.

♦ЩІэныгъэлІ, абхъазадыгэ бзэ гупыр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Куржымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Рогавэ Георгий** къызэралъхуэр илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыакіуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Шыкъ Михаил** къызэралъхуэр илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Палестинэм и унафэщІу щыта **Арафат Ясир** къызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущІэ, Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэ **Абдулатипов Рэмзэан** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Іэк1атэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦США-м и президент, Нобель и саугъэтым и лауреат **Обамэ Барак** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлъатэзекуэ, Урысейм и Лыхъужь **Цей Эдуард** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бзум и лым хуэдэщ и лэпсри.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщыщымыгъэхъуныр, жылагъуэ хабзэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м *Налшык къалэ* *№136-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъуныр, жылагъуэ хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм фокІадэм и 2-м къыдигъэкІа унафэ №240-ПП-мкІэ къищтам, зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэн, мы унафэм и гуэдзэным зэриты хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

● Парт лэжьыгъэ

КъБР-м и лІыкІуэхэр хэтащ «Къалэм и щІыуэпс» Урысейпсо зэІущІэм

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым къызэригъэпэщащ «Къалэм и щІыуэпс» Іуэхум теухуа зэІущІэ иджыблагъэ Краснодар щекІуэкІащ. Абы хэтащ партым КъБР-м щиІэ къудамэм и лэжьакІуэхэр.

УРЫСЕЙПСО парт зэІущІэр иригъэкІуэкІащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий. ЗэІущІэм хэтащ партым и щІыпІэ, щІыналъэ, пэщІэдзэ къудамэхэм я лэжьакІуэхэр, «Къалэм и щІыуэпс» парт Іуэхур щІыналъэхэм щызэхэзыгъэуІуэхэр, къалэ администрацэхэм я Іэтащхьэкъэр, къалэ щІыуэпсыр елэжьыр щагъэсьэыр еджапІэ нэхъыщхьэхэм я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм хэтахэр тепсэльыхьащ къалэ уэрамхэр, цІыху зэблэкІыпІэхэр къэгъэщІэрэщІэныжьмкІэ, къалэдэсхэр я Іуэхум къыхэшэныжьмкІэ, а псори мылъкукІэ зэщІэгъэхьа хъунымкІэ щапхъэхэм.

Зытепсэлъыхьам теухуауэ къыхэщІащ унафэм ипкъ иткІэ, къалэ щІыуэпсыр къэгъэщІэрэщІэным елэжь Іэщ1агъэлІэм я щІэныгъэм хагъэхъуэн, ирагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэр яубзыхун, ахэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъын гуп къызэрагъэпэщын хуейщ.

- ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ лэжьыгъэ щхьэпэхэм, гъэщІэгъуэнхэм. «Къалэм и щІыуэпс» Іуэхур Налшык къалэм зэрыщагъэзащІэми щыдгъэгъуэзащ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, адрей щІыналъэхэм ди лэжьыгъэмкІэ дахъыкІэрымыкІуу щекІуэкІ. Апхуэдизу къыхэзгъэщыну сыхуейт мы Іуэхур зи къалэнхэмрэ къалэдэсхэмрэ зэгурыІуэу, я еплъыкІэр эзтехуэу зэрызэздалажьэр, -жиІащ Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ Алэкъей Арсен.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и къудамэ Бэлэтокъуэ Владимир зэрыжиІэмкІэ, лэжьыгъэхэр илъэсищкІэ екІуэкІынущ икІи, къанэ щымыІэу, республикэм и щІыпІэхэм ялъэІэсынущ зэхъуэкІыныгъэфІхэр. Къищынэмыщ1ауэ, Урысейм и конструкторскэ Іуэхущ1апІэ нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм ящыщ зым зэгурыІуэныгъэ иращ1ылащ икІи абы и лІыкІуэхэр республикэм кърагъэблагъащ къалэм зиужьын папщІэ егъэкІуэкІын хуей лэжьыгъэр яубзыхуну.

ШУРДЫМ Мадинэ.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым КъБР-м щиІэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІым и къуздзэ.

Дэрбзэрхэм я пашэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым промышленность псынщІэм зыщІужьыныжьмкІэ Налшык дэрбзэр фабрикэм къалэн щхьэпэ игъэзэщІащ. 1929 гъэм къызэІуаха предприятэм бгырыс цІыхубзхэр зэщІигъэІуащ, жьылагъуэ лэжьыгъэм хишащ, лъэпкъ Іэщ1агъэлІ Іэзэхэр игъэжьыжьащ.

ИлЪЭС къэс фабрикэм и Іуэхур efIакІуэрт, зэхьэзэхуэр зэщІэплъэрт, дэрбзэрхэм я екъуэлІэныгъэр, я Іэдакъэщ1экІэм я фІагъэр хэІущІыІу хъурт. 1965 гъэм ирихьэлІэу лъэ быдэкІэ ува предприятэм щыгъэнэ лІэужьжьыгъэ минрэщитым щигъу щадырт. Ахэр Урысей Федерацэм и щІыналъэ плІыщІым, апхуэдэу Азие Курытым, Сыбырым, КъуэкІыпІэ Жьыжьэм ирагъашэрт, нэгъуэщІ къэралхэм ящ1эхурт. Налшык дэрбзэр фабрикэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и фирмэ нэхъыщхьэ хъуати, и зэфІэкІкІым хигъахьэурт, къуажэхэм цехэхэр къыщыдзэІуихырт, щІыхухэм ІэнатІэ яритырт. А псом и гуащІэшхуэ хэлът предприятэм и унафэщІ, къызэрэзэпэщакІуэ Іэзэ Гъэунэ (Къэрмокъуэ) ЛатІифэ Хьисэ и пхъум. Фабрикэшхуэм и Іуэхур илъэс куэдкІэ зыунэтІа а щІыхубз емызэщыр Зеикъуэ къуажэм щыщ унагъуэшхуэм щапІащ, школ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къиухри, егъэджакІуэу лэжьащ, КПСС-м и Лэскэн, Бахъсэн райкомхэм парт къалэнхэр щриІэкІащ, промышленнэ артелымрэ лъэпэщ щащІ фабрикэмрэ я унафэщІу щытащ. Налшык дэрбзэр фабрикэр и пщэ далъхьа нэужь, абы и зэфІэкІым хуэм-хуэмурэ зыкъызэкъуихащ, лэжьыгъэм нэхъыщхьэу хэпльр къыхилъхьэурт. И ІэнатІэм ЛатІифэ зыкъызыгъэльэгъуащ зи гур Іуэхум ета, пэжымрэ захуагъэмрэ зи гъуазэ, цІыхухэм я гурыгъу-гурыщІэхэр зыхэзыщІу унафэщІ Іэзэу икІи гумызагъэу.

Зэман кІэщІкІэ пэрытхэм яхьыжьа предприятэм и Іэдакъэщ1экІэхэм щІэупщІэшхуэ яІэт. Фирмэм щад щыгъанхэр къэралымрэ нэгъуэщІ щІыпІэхэмрэ къыщыхьалъхьэ выставкэхэм жьыджэру щагъэльагъуэрт. Абы къыпэкІуэу Союзпсо сату палатэм и диплом щхьэхуэхэмрэ ВДНХ-м и медалхэмрэ къыхуагъэфащэрт. И продукцэ нэхъыфІхэр Лейпциг къэрал зэхуакъ жармыкІэм щащэрт, щапхъэ зытраххэм (моделхэм) я Союзпсо унэм и «Юбилей коллекцэм» ахэр хагъэхьат. ЕпщІанэ илъэситхум къриубыдэу предприятэм тлъэщу зиужьат, иджы абы цІыху минитІым нэблагъэ щылажьэрт. Гуп пщыкІуэм «Коммунист лэжьакІэм и бригадэ» цІэр зэрахьэрт, ІэщІакІуэ-гъэсакІуэхэм я бжыгъэр 185-м нэсат, дэрбзэр пашэ 45-м къэрал дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфащат.

УнафэщІу зэрыщыта илъэс пщыкІухьм Гъэунэ ЛатІифэ социальнэ Іуэхухэм гулъытэшхуэ хуищІащ: сабий гъэсапІэхэр, общежитэкІу, узыншагъэм щыкІэлъыплъ пункт, тІысыпІэ 350-рэ зиІэ клуб, поликлиникэ яухащ, библиотекэ, техникэ кабинет, радиоузел, буфет, шхапІэ къызэІуахащ, тенджыз ФІыщІэм и Іуфэм езым и зыгъэпсэхупІэ базэ щиІыгъащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр дэрбзэр фирмэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа Гъэунэ ЛатІифэ и гращІэм хуэфащэ пщІэ игъэтащ - адрей дамыгъэхэм къадэкІуэу, 1966 гъэм Ленин орден къратащ, къызэрыгъэкІ адыгэ унагъуэм къыщыхъуа цІыхубз жэрдэмщІакІуэр да къэралышхуэм и дэнэ щыпІи къыщащІыхуащ.

МЫСОСТ Уэлий.

УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъШР-м, АР-м щІыхь зиІэ я журналист Мэшыкъуэ Тэзал нобэ и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

Тэзал къыхащІ Ломоносов М. В. и цІэр зезыхъэ Москва къэрал университетым журналистикэмкІэ и къудамэмрэ (1966 гъэм) абы и аспирантурэмрэ (1973 гъэм). Мэшыкъуэр тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидатщ. Дзэм къулыкъу щищІа нэужь, Тэзал щылэжьащ республикэм и газетхэмрэ телевиденэмрэ, 1975 - 1979 гъэхэм КъБР-м и Министрхэм я Советым и Аппаратым, 1979 - 1991 гъэхэм КПСС-м и Къабэрдей-Балъкъэр обкомым. 1991 гъэм къызыщІэдзауэ 1998 гъэ пщІондэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу, 1998 - 2002 гъэхэм КъБР-м печатымрэ информацэмкІэ и министрым и къуздзэу щытащ. 2003 гъэм къызыщІэдзауэ ар щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьу щыІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым.

Мэшыкъуэ Тэзал и публицистикэ лэжьыгъэхэр зэрыт тхыль зыбжанэ къыдэкІащ: «Мерило всех ценностей», «Злободневное и вечное», «О пережитом без ретуши». Иджы дыдэ абы дунейм къытригъэхьащ иужьрей илъэсым и къалэмыплъэм къыщІэкІахэр щызэхуэхьэса «Сказанное слово» и тхыльыщІэр.

Тэзал и ныбжьыр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу дыхуэзащ, депсэлъащи, ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ къыджиІам.

И ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ и гъусэу зегъэпсэху. *1972 гъэ*

- Тэзал, уи гъащІэм и сыт хуэдэ пІалъэра нэхъыфІу плъагъур, нэхъ уигу къэкІыжыр?

- Нэхъыфі дыдэу сигу къинэжар Москва къалэм щыгъэкІуа илъэсхэращ, сыщеджаращ. Уеблэмэ нобэр къызэдэсым жэщкІэ сопщІыхь Москва къэрал университетым дыщеджа и пэшхэмрэ Щэнхабзэмкіэ уардэунэмрэ сыщІэту. Щэч хэмылъу, дэ абы щІэныгъэшхуэ къыщыдатащ, цІыху цІэрыІуэ куэдым дащыхуэзащ. Абыхэм яхэтащ къэрал зыбжанэм я Президентхэри щэнхабзэм, гъуаздджэм, литературэм пыщІауэ дуней псом къыщащІыху лэжьакІуэ цІэрыІуэхэри. Къэралым и цІыхубз артистхэу Бернес Марк, Шульженкэ Клавдие, Зыкинэ Людмилэ, Магомаев Мусльим сымэ дедэІуэну ди насып къихьащ. Иджыблагъэ телевизорымкІэ слъэгъуат Урысейм и цІыхубз артист цІэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща зэщхьэгъуэсэхэу Иошпе Аллэрэ Рахимов Стаханрэ. Си нэпсыр къыісфІемыкІуауэ пІэрэ, жьісІэу асыхьэту гукъэкІыжхэм сыхалъэсат. Аллэ Москва къэрал университетым сыщыддедэжьти, и щхьэгъуэмрэ абырэ куэдрэ я концертхэм зредгъэхьэлІэу щытащ. Абы лъандэрэ илъэс щэ ныкъуэ дэкІагъэнщ, ауэ апхуэдизкІэ а еджапІэм гурэ псэкІэ сыпыщІауэ щытащи, а зэманым, къыздеджахэм, абы къыщысцІыхуахэм сахуоэзэш.

- КъохъулІауэ сыт къэпльытэр?

- КъызэмыхъулІахэмкІэ къыщІэдгъадзэ.

- Апхуэдэ щыІэ?

- ЩІыІэщ. Малкэ къуажэм къыщызыха щхьэпэ зэщІэплъэрт, дэрбзэрхэм я екъуэлІэныгъэр, я Іэдакъэщ1экІэм я фІагъэр хэІущІыІу хъурт. 1965 гъэм ирихьэлІэу лъэ быдэкІэ ува предприятэм щыгъэнэ лІэужьжьыгъэ минрэщитым щигъу щадырт. Ахэр Урысей Федерацэм и щІыналъэ плІыщІым, апхуэдэу Азие Курытым, Сыбырым, КъуэкІыпІэ Жьыжьэм ирагъашэрт, нэгъуэщІ къэралхэм ящ1эхурт. Налшык дэрбзэр фабрикэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и фирмэ нэхъыщхьэ хъуати, и зэфІэкІкІым хигъахьэурт, къуажэхэм цехэхэр къыщыдзэІуихырт, щІыхухэм ІэнатІэ яритырт. А псом и гуащІэшхуэ хэлът предприятэм и унафэщІ, къызэрэзэпэщакІуэ Іэзэ Гъэунэ (Къэрмокъуэ) ЛатІифэ Хьисэ и пхъум. Фабрикэшхуэм и Іуэхур илъэс куэдкІэ зыунэтІа а щІыхубз емызэщыр Зеикъуэ къуажэм щыщ унагъуэшхуэм щапІащ, школ нэужьым Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къиухри, егъэджакІуэу лэжьащ, КПСС-м и Лэскэн, Бахъсэн райкомхэм парт къалэнхэр щриІэкІащ, промышленнэ артелымрэ лъэпэщ щащІ фабрикэмрэ я унафэщІу щытащ. Налшык дэрбзэр фабрикэр и пщэ далъхьа нэужь, абы и зэфІэкІым хуэм-хуэмурэ зыкъызэкъуихащ, лэжьыгъэм нэхъыщхьэу хэпльр хилъхьэурт. И ІэнатІэм ЛатІифэ зыкъызыгъэльэгъуащ зи гур Іуэхум ета, пэжымрэ захуагъэмрэ зи гъуазэ, цІыхухэм я гурыгъу-гурыщІэхэр зыхэзыщІу унафэщІ Іэзэу икІи гумызагъэу.

Зэман кІэщІкІэ пэрытхэм яхьыжьа предприятэм и Іэдакъэщ1экІэхэм щІэупщІэшхуэ яІэт. Фирмэм щад щыгъанхэр къэралымрэ нэгъуэщІ щІыпІэхэмрэ къыщыхьалъхьэ выставкэхэм жьыджэру щагъэльагъуэрт. Абы къыпэкІуэу Союзпсо сату палатэм и диплом щхьэхуэхэмрэ ВДНХ-м и медалхэмрэ къыхуагъэфащэрт. И продукцэ нэхъыфІхэр Лейпциг къэрал зэхуакъ жармыкІэм щащэрт, щапхъэ зытраххэм (моделхэм) я Союзпсо унэм и «Юбилей коллекцэм» ахэр хагъэхьат. ЕпщІанэ илъэситхум къриубыдэу предприятэм тлъэщу зиужьат, иджы абы цІыху минитІым нэблагъэ щылажьэрт. Гуп пщыкІуэм «Коммунист лэжьакІэм и бригадэ» цІэр зэрахьэрт, ІэщІакІуэ-гъэсакІуэхэм я бжыгъэр 185-м нэсат, дэрбзэр пашэ 45-м къэрал дамыгъэ лъапІэхэр къыхуагъэфащат.

УнафэщІу зэрыщыта илъэс пщыкІухьм Гъэунэ ЛатІифэ социальнэ Іуэхухэм гулъытэшхуэ хуищІащ: сабий гъэсапІэхэр, общежитэкІу, узыншагъэм щыкІэлъыплъ пункт, тІысыпІэ 350-рэ зиІэ клуб, поликлиникэ яухащ, библиотекэ, техникэ кабинет, радиоузел, буфет, шхапІэ къызэІуахащ, тенджыз ФІыщІэм и Іуфэм езым и зыгъэпсэхупІэ базэ щиІыгъащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр дэрбзэр фирмэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа Гъэунэ ЛатІифэ и гращІэм хуэфащэ пщІэ игъэтащ - адрей дамыгъэхэм къадэкІуэу, 1966 гъэм Ленин орден къратащ, къызэрыгъэкІ адыгэ унагъуэм къыщыхъуа цІыхубз жэрдэмщІакІуэр да къэралышхуэм и дэнэ щыпІи къыщащІыхуащ.

МЫСОСТ Уэлий.

МЭШЫКЪУЭ Тэзал: Насыпышхуэу къызолъытэ си Іуэху еплъыкІэр къызэрызгъэлъэгъуэфыр

литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэхэр. Абы кІэщІу къыкІэлъыкІуэу, «Советская Россия» газетым къытрезгъэдзауэ щытащ «ХъуэпсапІэр къызэхъулІащ» фІэщыгъэм щІэту КъБР-м и цІыхубз усакІуэ, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Кулиев Къайсин, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артистхэу ТІыхъужь Алийрэ Темыркъан Юрэрэ къаІысха интервьюр. Сэ сфІэфІт куэд щІауэ зи гурыгъу-гурыщІэхэм сыщыгъуазэ цІыхухэм ятеухуа очеркхэр стхыну. Апхуэдэу, псалъэм папщІэ, сытетхыхьащ къулыкъушхуэ сыт щыгъуи зыІыгъа, 1954 гъэм къыщыщІэдзауэ дызэдэлажьэу сыкъыздекІуэкІа Дохъущокъуэ Мусэ, республикэм и Правительствэм и УнафэщІу щыта Мамхэгъ Михаил теухуа тхыльэ згъэхьэзыращ, Мэлбахьуэ Тимборэ теухуауэ тхыльэ цІыкІу къыдэзгъэкІауэ щытащ. Ауэ щыхъукІи, сэ публицистикэм нэхъ сыдихьэхьу сыкъэокІуэкІ. Нобэрей гъащІэм сыт хуэдэ гугъуехьхэр хэль, къэралым политикэм гулъытэ хуищІыпхъэ - мыпхуэдэ упщІэхэращ нэхъыбэу сызыгъэпІейтейр.

- ЦІыхум, псом я щхьэу сыт хуэдэ хьэл хэлъын хуейуэ къэплъытэр?

- Пэжагъыр сыт щыгъуи уи гъуаззу щытын хуейщ. Къулеягъэр щІыхум бгъэдэлъ нэмысымрэ щІыкугъэмкІэ хэпльытэмэ нэхъ сфІэтэмэмщ, мылъкум зи нэр къыщхьэрипхъуэм зыкІи ущигугъэ зэрымыхъунур хьэкъыщи. Лэжьыгъэ и лъэныкъуэкІэ упсалъэмэ, цІыхум псом япэу жэуаплыныгъэ хэлъын хуейщ. Іуэхур и пІалъэм зэфІэзэгъэкІ, къыхуащІа пщэрылъыр Іэзагъ хэлъу зыгъэзащІэ цІыхурщ лэжьакІуэ псэемыблэж жьыхуаІэр. Абыкіэт газетым и редактор нэхъыщхьэу сыщыщытам псом япэу лэжьакІуэхэм нэхъ сазэрыщыгугъыр. Уи гур зэІуахуэу щытыпхъэщ. Сэ насыпышхуэу къызолъытэ зыгуэр щІэзэфэну зэи сызэрыхэмытар, си Іуэху еплъыкІэр къэзгъэльэгъуэфу сыкъызэрыгъуэгурыкІуэр.

Епсэлъар

БАГЪЭТЫР Луизэщ.

● Банк Іуэхухэр

Сом мелард 75-м нэблагъэ щІыхуэу

2017 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм къриубыдэу Урысейм и Мэкъумэш банкым щІыхухэм зыхуэу яритащ сом мелард 75-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщу сом мелард 43,9-р зэрыхуейм хуэдэу къагъэсэбэп щІыхуэщ, сом мелард 24,6-р - ипотекэ кредитщ. 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу банкым и розницэ кредит портфелыр сом мелард 335,4-м нэблэгъащ.

«УРЫСЕЙМ и Мэкъумэш банк» АО-р кредит тынымкІэ рынокым щынэхъ лъэщхэм ящыщ зыщ. Ар хохьэ къэралым розницэ кредит портфель нэхъ ин зыбгъэдэлъ и банк нэхъыкІыщым.

Банкым и кредит Іуэхутхьэбзэхэр яхуэгъэзащ цІыху куэдым. Абыхэм ящыщщ улахуэр банкым и картэмкІэ зратхэм яхуэхэа программэ щхьэхуэр, пенсионерхэм, дзэм къулыкъу щызыщІэхэм, бюджет ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм, нэгъуэщІ банкхэм къыщацта щІыхуэхэр ирапшыныжьыну кредит кьеІызыхьхэм я Іуэхур нэхъ къызэрикІынум хуэгъэзза унэтІыныгъэхэр.

КЪЭХЪУН Бэч.

Терроризм, экстремизм унэтІыныгъэ зиІэ щІэпхъаджагъэ зэрилэжьам папщІэ, тезыр зрагъэхьа цІыхухэр административнэ кІэлъыплъыныгъэм щІагъэувэ

«ЯгъэтІысауэ къаутІыпщыж цІыхухэр административнэ кІэлъыплъыныгъэм зэрыщІагъэувэ щІыкІэм теухуауэ Урысей Федерацэм и законодательнэ акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2017 гъэм накъыгъэм и 28-м къащта Федеральнэ закон №102-ФЗ-м къеГъэув терроризм, экстремизм хьэгъэщагъэ зэрихьауэ, апхуэдэу политикэ, идеологие щхьэусыгъуэкІэ лъэпкъ, дин лъагъуэмыкъуныгъэкІэ, ебииныгъэкІэ е социальнэ гуп гуэрым ебииныгъэкІэ щІэпхъаджагъэ илэжьауэ тезыр зрагъэхьа цІыху бадзэныгъэм и административнэ кІэлъыплъыныгъэм щІэгъэувэн хуейуэ.

Къищынэмыщ1ауэ, зэпымыууэ зы щІыпІэм щымыпсэухэр административнэ кІэлъыплъыныгъэм зэрыщІагъэувэ щІыкІэм судыр хэхауэ хоплъэ. Псалъэм папщІэ, «здэщыІэ щІыпІэр» гурыІуэныгъэр хагъэхьэ. Апхуэдэ цІыхухэм папщІэ, ахэр щыпсэу щІыпІэхэм щхьэхуэныгъэхэр щагъэувынкІэ хъунущ («къапщтэмэ, а щІыпІэр ябгынэу ядункъым, учётым ягъэувынущ, н.кх.).

Апхуэдэу зэпымыууэ щыпсэун, зэкІуэлІэн ямыІэу административнэ кІэлъыплъныгъэм щІэтхэм я хэщІапІэр ягъэбелджылын папщІэ «здэщыІэ щІыпІэр» гурыІуэныгъэр хагъэсэбэп.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Париж щагъэлъагъуэ «Кавказым и гъэр» балетыр. *1884 гъэ*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ЗыгъэпсэхуакІуэхэм ятын хуей налогыр

УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ тридзащ Кърым, Алтай республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм зыгъэпсэхуакІуэхэр кІуэхэм ятын хуей налогым теухуа унафэм. Хабзэщ Іэрэ зэкІэ щылэжьэнур а щІыналъпІырщ. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэу щытынущ курортхэм я инфраструктурэр егъэфІэкІуэныр, туризм унэтІыныгъэм зегъэужьыныр. Хабзэщ Іэрэ зэрылажьэм 2022 гъэ пщІондэ кІэлъыплъынущ, ауэ зыгъэпсэхуакІуэхэм курорт налогыр Іахьи щІадзэнущ 2018 гъэм и накъыгъэм и 1-м къыщыщІэдзауэ.

КЪЭРАЛЫМ и Правительствэм зэрыхуигъэфащэмкІэ, унафэм ипкъ иткІэ Ставрополь крайм 2018 - 2022 гъэхэм кІуиубыдэу къыхэхъуэнущ сом меларди 2,02-рэ, Краснодар крайм - сом меларди 8,3-рэ, Кърымым - сом мелард 16,4-рэ.

Унафэм и зэхэлъыкІэр

КУРОРТ налогыр зы суткэм хуэзэу сомИ 100-м щІигъункъым. 2018 гъэм а уасэр сом 50 нэхъри нэхъыбэу щытынкъым. Ар ятынущ балигъыпІэ иува, ди къэралым щыпсэу цІыхухэу сыхьэт 24-рэ нэхъри нэхъыбэкІэ курортым зыщызыІэжьынухэм.

ЩІыналъэхэм езыхэм хуитынигъэ иратащ а пщІэр зэрыхуейм хуэдэу ягъэувыну, уеблэмэ цІыхум зыри къыщыІамыхи къыхэхуэу. Ар тращІыхьыфынущ гъэм и лъэхъэнэм, зыгъэпсэхуакІуэхэм зэрызалэжьэну пІалъэм, курортыр зыхуэзэ муниципальнэ щІыналъэм, нэгъуэщІхэми.

Зызыгъэпсэхуэхэм къыІэхыну пщІэр къабжьынущ курортым зэрыщыІэну пІалъэмрэ абы теухуа ставкэмрэ хыхьэу. Ставкэр щІыналъэхэм къыщащтэ унафэм иубзыхунущ. ЗыгъэпсэхупщІэр хахынущ цІыхур курортым имыкІыж щыкІэ, а уасэм хыхьэрэ къым псэупІэм щІэпт пщІэр.

Мылъку къыхэкІхэр субъектхэм ягъэкІуэнущ курорт инфраструктурэм хыхьэ объектхэр зэгъэпэщыжыным, ахэр егъэфІэкІуэным, ухуэным хухэха фонд щхьэхуэхэм.

Унафэм къызэригъэувымкІэ, щІыналъэхэм щызэхуашэсын хуейщ мылъкур къызэрагъэсэбэпым кІэлъыплъыну жылагъуэ советхэр.

ЩІыналъэхэр Іуэхум зэреплъыр

ЗЫГЪЭПСЭХУПЩІЭР къызэрыхахыну щыкІэр, ар зыхуэдизынур Кърымым щаубзыхуну я мурадщ мы гъэм и фокІадэ маззм. Республикэм и Іэтащхьэ Аксёнов Сергей къызэрыхигъэщамкІэ, унафэм къару игъуэтыным иджыри зэман хъарзынэ иІэщ, ныкъусаныгъэ щыІэхэр сэтей къащІынуи Іэмал иІэщ. Аксёновым жиІащ хабзэщІэм и фІыгъэкІэ щІыналъэм и курорт инфраструктурэм и зыужьыныгъэм къаруущІэ игъуэтыну зэрыщыгугъыр.

«Унафэр гъэзэщІэным мыарэзыныгъэ е зэкІэлъымыкІуэныгъэ кърикІуэмэ, ар къэбгъэувыІэ хъунущ, - жиІащ Аксёновым. - Зэпыу имыІэу абы и лэжьакІэм дыкІэлъыплъынущ. ЗыгъэпсэхуакІуэхэм я лъэныкъуэкІэ е хабзэщІэм и гъэзэщІэным гугъуехь кърикІуэу гу лъытэмэ, унафэр зэрылэжьэну пІалъэр адэкІэ дгъэІэпхъуэнукъым».

КъыщынэмыщІауэ, Кърымым и Іэтащхьэм къэхигъэщащ зыгъэпсэкупщІэр къызэрагъэсэбэпым зэрыкІэлъыплъынур. Абы апхуэдэу къыхилъхьащ зыгъэпсэхуакІуэхэм ят пщІэр суткэ къэс Іамыхыу, курортым щыкІуам и деж зэуэ къыхахыну.

Краснодар крайм къыщыхураджащ курорт налогыр зэхуэхьэсыным хуэсакъыу бгъэдыхьэн хуейуэ. ЩІыналъэ унафэщІхэр тогъэзвыхь налогыщІэ зэрагъэувам и зэранкІэ зыгъэпсэхуакІуэ кІуэхэм я бжыгъэм хэщІыным. Крайм и губернатор Кондратьев Вениамин къыхилъхьащ щІыналъэм щыпсэухэм зыгъэпсэхупщІэр Іамыхыну.

«Ди щІыналъэм щыпсэухэм унафэщІэм и лэжьакІэр къатемигъэхьэлъэным егупсысыпхъэщ. Къэрал унафэм къыщыгъэлъэгъуащ зыгъэпсэхупщІэр зыщхьэщахыу гуп 19. Дэ къыхыдолъхьэ абы иджыри зы хагъэхьэну - ди щІыналъэм хуэгъэзауэ ар крайм щыпсэуэхэрщ», - жиІащ Кондратьевым.

Гужьеигъуэ хэмылъу

УНАФЭМКІЭ арэзыкъым Къэрал Думэм и депутат закъуэтІакъуэхэри сенаторхэри. Хабзэгъэув Іэнатіэм Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Ремезков Александр къызэрилъытэмкІэ, унафэм кърикІуэнущ цІыхухэм загъэпсэхуным щІат пщІэр нэхъ лъапІэ хъунир икІи абыхэм нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэр къалъыхъуэн щІадзэнущ.

ФедерацэмкІэ Советым туризмэмкІэ и эксперт советым и унафэщІ Фомин Игорь жиІащ курорт налог къыхэхыным иджыпсту иужь ихьэн хуэмеІуэ икІи нэгъуэщІ къэралхэм зыщагъэпсэхуным ди цІыхухэр абы ирихулІэну.

УФ-м ФедерацэмкІэ и Советым и спикер Матвиенкэ Валентинэ къыхуриджащ а Іэхум апхуэдиз псалъэмакъ ирамыщІэкІыну. «Мыбы зэкІэ кІэлъыплъыну аращ икІи абы и лэжьакІэнум зыщыгъэгъуэзэн хуейщ», - къыхигъэщащ унафэщІым.

МАЛЬГАВКЭ Сергей.
«ХъыбарыщІэхэр» РИА

2017 гъэм УФ-м и граждан авиацэр Іуущ кхъухьлъатэхэр зезыхуэн къаззэремэщІэкІым. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу къалъытэр ІэщагъэлъэкІэкІ азие авиакомпаниехэм лэжьапІэ зэрыкІуэрщ. Росавиацэм щІэупщІэныгъэхэр щригъэкІуэкІащ ди къэралым щылажьэ авиакомпаниехэм икІи, къыззрыщІэкІамкІэ, иужьрей зэманым - 2015 гъэм и пэщІэдзэм щегъэжьауэ - кхъухьлъатэзехуэ 200-м щІигъу абыхэм ІукІыжащ. Урысейм щыІэщ кхъухьлъатэзехуэ мин 12-м щІигъу. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, иджырей гугъуехьыр псом япэрауэ къызыхэкІар кхъухьлъатэхэр здэкІуэхэр зэуэ нэхъыбэ зэрыхъуамрэ кхъухьлъатэ куэд иужьрей зэманым къызэращхуамрэщ.

РОСАВИАЦЭМ «Известия»-м къызэрыщыжраІамкІэ, щІэупщІэныгъэхэр щригъэкІуэкІым абыхэм зэхагъэкІащ иужьрей илъэсхэм кхъухьлъатэзехуэ дапщэ лэжьапІэм ІукІыжами, Іэнатіэ ягъуэтыжар зыхуэдэми. ЩІэупщІэныгъэм къиГэлъэгъуаехэр гъэщІэгъуэн ящыхъуащ. 2015 гъэм къыщыщІэдзауэ авиакомпаниехэм ІукІыжар кхъухьлъатэзехуэ 200 къудейщ. Абыхэм ящыщу цІыхуищэм лэжьапІэ къыщагъэтащ нэгъуэщІ къэралхэм я авиакомпаниехэм. Адрей цІыхуищэм я Іуэху зыІутым щыгъуаззкъым. Ахэр Урысейм и нэгъуэщІ авиакомпаниехэм уваУэ щытынкІи хъунущ, нэгъуэщІ къэралхэми Іэпхъуагъэнкіи хъунущ.

Кхъухьлъатэхэр зезыхуэнухэр къаззеремэщІэкІым и щхьэусыгъуэу иужьрей илъэсхэм къалъытэу щытащ улахуэ нэхъыбэ щат Азием и авакомпаниехэм ди Іэщ ІагъэлІхэр зэрыкІуэр. Абы теухуауэ къэпсэлъащ «Аэрофлот»-м и Іэтащхьэ Савельев Виталий икІи жиІащ урысей компаниехэм кхъухьлъатэм и командирхэм улахуэу сом мин 470-рэ, етІуанэ кхъухьлъатэзехуэхэм - сом мин 320-350-рэ зэрыратыр. Къэбгъэлъагъуэмэ, Китайм абыхэм хуэдэ 1,5-2-кІэ нэхъыбэ къыщалэжь.

Кхъухьлъатэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэр Китайм щыщІэупщІащ Урысейм икІауэ цІыху дапщэ абыхэм я деж щылажьэми. КъызэрыщІэкІамкІэ, 2016 гъэм и кІэуухым ирихьэлІэу китай авиакомпаниехэм лэжьапІэ щагъуэтащ урысей кхъухьлъатэзехуэ 81-м.

«КъытІэрыхьа бжыгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, нэгъуэщІ къэралхэм лэжьапІэ къыщагъэту Іэпхъуэ ди кхъухьлъатэзехуэхэр мащІэ дыдэщ. Іэмал гуэрхэр къызыхуэгупсысын хуей гугъуехь абы хэтлъэгъуакъым», - къыхигъэщащ Росавиацэм и ЛыкІуэм.

Зи цІэр кърамыІуэну лъэІуа, Урысейм и авиакомпаниехэм нэхъ инхэм ящыщ зым и лэжьакІуэм къыхигъэщащ иужьрей зэманым бзаджагъэ Іэмалыщ Іэхэр къагъэсэбэпу зэрыщІадзар. Зи ныбжьыр илъэсищ иримыкъуа сабийхэм якІэлъыплъын папщІэ кхъухьлъатэзехуэхэм отпуск къыІах икІи а зэманыр нэгъуэщІ къэралхэм я авиакомпаниехэм щылажьэу ягъэкІуэ. Абыхэм Урысейм щалэ лэжьапІэри яфІэкІуэдыркъым икІи лэжьапІэ къезытым е УФ-м Социальнэ страховани ЩІэныгъэлІ Адамидов Дмитрий зэреплъымкІэ, кхъухьлъатэзехуэхэр нэгъуэщІ къэралхэм я авиакомпаниехэм щІэкІуэр абыхэм ящыщ кІуэкІ улахуэмрэ зэрыщыгъажьэ сыхьэт бжыгъэмрэщ. «Къапщтэмэ, ар гукъеуэшхуэкъым, ауэ кхъухьлъатэхэмрэ ахэр здэкІуэ щІыпІэхэр нэхъыбэ зэрыхъуамрэ гу лъыуиныгъатэу къанэркъым. Илъэсым и лъэхъэнэ нэхъ гуащІэм ирихьэлІэу авиакомпанием кхъухьлъатэзехуэу 3 - 4 фІэкІа Іумыкіыжми, абы гугъуехьышхуэхэр къыхэкІынущ», - къыхигъэщащ Адамидов Дмитрий.

Кхъухьлъатэхэр зезыхуэхэм Шереметьевэ щалэ профсоюзым и Іэтащхьэ Дельдюжов Игорь къызэрилъытэмкІэ, Іэщ ІагъэлІхэр зэрызэтепІыгъэфын Іэмалхэр щыІэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, лэжьыгъэ зэманымрэ зыгъэпсэхугъуэмрэ, компанием езым щыщыІэ зэхущытыкІэр егъэфІэкІуэныр, лэжьапщІэм хэгъэхъуэныр икІи зэпыу имыІэу етыныр.

2017 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къриубыдэу Урысейм и авиакомпаниехэм цІыху кърашэхІэм я бжыгъэр процент 21,5-кІэ хэхъущ, нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэ дыдэм ебгъапщэмэ икІи цІыху мелуан 46,2-м нэблагъащ.

ДЕВЯТЬЯРОВ Евгений.
«Известия»

● Авиакомпаниехэм

Ди кхъухьлъатэзехуэхэр нэгъуэщІ къэралхэм мэІэпхъуэ

2015 гъэм къыщыщІэдзауэ Урысейм и авиакомпаниехэм ІукІыжащ цІыху 200-м щІигъу

● Дипломатиэ зэпыщІэныгъэхэр

Жэуапыншэу къэнакъым

Урысейм и Президент Путин Владимир жиІащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я дипломат 755-м ди къэралым щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр щыщагъэту я унэ кІуэжьын хуейуэ. УФ-м и Лыщхьэм къыхигъэщащ апхуэдэу щІащІыр США-м фІыуэ къыгурыІуэн зэрыхуейр.

«МЫР икъуэкІ зыхэпщІэн хуэдэщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ лэжьакІуэ зы миным щІигъу - дипломатрэ къызэрыгуэкІ ІэщагъэлІу - щылэжащ, иджыри Урысейм щолажьэ. Абыхэм ящыщу 755-м Урысей Федерацэм щрагъэкІуэкІ Іэхугъуэхэр зэпагъэун хуейщ», - жиІащ Путиным.

Президентым къыхигъэщащ Урысейр куэд дыдэрэ зэрыпэплъар США-м хуаІэ зэхущытыкІэхэр ефІэкІуэным. «Ауэ, щытыкІэм тепщІыхьмэ, абы зэгуэр зихъуэжми, ар щІэх къэхъунукъым. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, дэри къэдгъэлъэгъуэн хуейщ зыри жэуапынщэу къызэрымдмгъэнэнр», - гу лъаригъэтащ Путиным.

ХъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм нэхъапэІуэкІэ къызэратамкІэ, США-м Урысейм щиІэ дипломатие Іэхуущ ІапІэхэм я лэжьакІуэхэр цІыху 745-кІэ ягъэмэщІэнущ. УФ-м Нэгъуэщі къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, США-м и лЫкІуэу УФ-м щыІэм я бжыгъэр ди къэралым и дипломату США-м щыІэм хуэдиз хущІын хуейщ фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу.

ХРАМОВЭ Светланэ.
«Интерфакс»

● Ахъшэ

Дунейпсо чемпионатым и щІыхькІэ

Футболымкіэ дунейпсо чемпионату 2018 гъэм Урысей Федерацэм щекІуэкІынум теухуауэ Урысейм и Банкым гъэщІ ахъшэ щІэхэр къыдитэкІащ. Апхуэдэу щыжаІащ Банк Нэхъыщхьэм и пресс-Іэнатіэм.

ДУНЕЙПСО чемпионатым и щІыхькІэ соми 3 хъу дыжьын, сом 50 хъу дыщэ урысей ахъшэхэр къыдагъэкІынущ. Абыхэм я щІыбагъымкІэ Дунейпсо Кубокыр тетынущ, и гупэмкІэ - «Футболымкіэ дунейпсо чемпионат 2018-р - Урысейм». Дыжьын ахъшэхэм я куэдагъыр мин 300 хъунущ, дыщэхэр мини 100-м нэблэгъэнущ.

Апхуэдэу Банк Нэхъыщхьэм къыщІигъэкІащ «Советыдзэхэм нэмыщэ зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжа къалэхэр - къэралыгъуэхэм я къалащхьэхэр» ахъшэхэр. Къырымымрэ Севастополрэ ятеухуауэ соми 100 хъу тхыпІымпІэ ахъшэр тридзащ.

Дунейпсо чемпионатым хиубыдэ зэІущІэхэр 2018 гъэм мэкъуаузгъуэм и 14-м къыщыщІэдзауэ бадзэзгъуэм и 15 пщІондэ Урысейм и къалэ 11-м я стадион 12-м щекІуэкІынущ.

«Интерфакс» хъыбарегъащІэ агентствэ.

Китайм и щІыпІэ нэхъ дахэхэм хабжэ мы суратым щыфІьагъу Тяньцзы бгымрэ абы и Іэшэлъашэхэмрэ. Ар здэщыІэр Улинъюань заповедникырщ.

Жьымрэ псымрэ къурш абрагъуэм къыхаІущІыкІа мыпхуэдэ «чэщанэхэр» зыбжанэ мэхъури, я нэхъ лъагэр метр 1262,5-рэ мэхъу.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ**.

Газу къыщІашым хохъуэ

Дунейпсо Энергетикэ Агентствэм (МЭА) къызэрилъытэмкІэ, къыкІэлъыкІуэ илъэситхум къриубыдэу ар кубометр мелард 60 хъунущ

2022 ГЪЭ пщІондэ Урысейм къыщыщІаш газыр илъэс къэс процент 1,5-кІэ хэхъуэнущ. МЭА-м къигъэлъэгъуа бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, 2016 гъэм щыІа кубометр мелард 640-м и пІэкІэ ар кубометр мелард 700-м нэблагъэнущ. Абыкіэ сэбэп хъунущ «Сила Сибири» урысей-китай газ бжьамийр укъуэдиинымрэ Ямал къыщыщІэуахыну ягъэхьэзыр проектхэмрэ.

Къэпщытакіуэхэм къызэралъытэмкІэ, нэхъыбэу зыщыгугъыр нэгъуэщІ къэралхэм хуэуІыпщ урысей газым хэхъуэныр щ. 2022 гъэм ирихьэлІэу газу къыщІашым хэгъэхъуэн хуей хъунущ Китайм кІуэну бжьамийхэм папщІэ.

«Газ къыщІэзышхэм я деж дуней псом етІуанэ уВпІэр щыщыІыгъ Урысейм гъэтІылъыпІэшхэхэр Ямал хыТІыгу ныкъуэм щиІэщ, иджыри хэмыІэбауэ. 2022 гъэ пщІондэ газу къыщІишым илъэс къэс къэралым хигъэхъуэфынущ процент 1,5-кІэ», - жиІащ МЭА-м и лЫкІуэм.

2016 гъэм къыщІашащ газ кубометр мелард 640,2-рэ. Апхуэдэу хэхъуэрэ екІуэкІмэ, 2017 гъэм а бжыгъэр кубометр мелард 649,8-м хуэкІуэнущ, 2018 гъэм - кубометр мелард 659-м.

Агентствэм къызэрыщыхагъэщамкІэ, илъэсипІкІэ зэпыу имыІэу Европэм газым щиІэ Іэупщ Іэр щ ехуэха нэужь 2016 гъэм абы хэхъуэжын щІидзащ уасэхэр зэрырагъэхамрэ фІамыщІ къыщыщІах станцхэр зэрызэхуащІамрэ я фІыгъэкІэ. Къищынэмыщ Іауэ, урысей газым и экспортымрэ къыщІэшыныгъэ зэрыхэхъуэм кьеГъэувыІэ европей рынокым УФ-м щиІэ и хьэрхуэрэгъуэхэм я лэжьакІэр.

«КъуэкІыпІэ Жыжьэм къыщыщІаш газыр хэпщІыкІыу нэхъыбэ хъуну хуагъэфащэ икІи Урысейм Европэм а гъэсыныпхъэр хуиутІыпщыну нэхъ зэрыхущІэкъунум и щыхьэтщ ар», - жиІащ щІэныгъэлІхэм.

МЭА-м и бжыгъэхэм зымащІкІэ къыщыхъэщкІ нэхъыбэкІэ гугъэ Энергетикэмкіэ министерствэм ейхэр. 2020 гъэм ирихьэлІэу ар щогугъ газ кубометр мелард 685-рэ къыщІашыну. МЭА-м зэрыхуигъэфащэмкІэ, ар зэрыхъунур кубо-метр мелард 679-рэщ.

«Нобэ Европэм и рынокым зэныкъуэкъуныгъэ гуащІэ щокІуэкІ газыр къззыгъэсэбэпыр къыдахьэхын папщІэ», - къельытэ Энергетикэ стратегиемкІэ институтым и унафэщІ Бушуев Виталий. - «Набдзэгубдзаплъагъэр зы дакъикъи зыфІэбгъэкІуэдэ хъунукъым».

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я ужьКІэ газ къыщІэшыныжмкІэ дуней псом етІуанэ увыпІэр щиІыгъщ Урысейм, процент 17,7-рэ къылъысу. Абы къыкІэлъокІуэ Ираныр, Катарыр, Канадэр.

ПОГОСЯН Арсений.
iz.ru

Пщащэ акъылыфІэ

Къыщ1эхъуэ щ1эблэм ябгъэдэлъ щ1эныгъэм и кууугъэрщ куэдкІэ зэлъытауэ щытынур ди щ1ынал ъэм и къэкІуэнур. Мыбдеж къыщ1ежьІапхъэщ сабийр зыхуэІэижьыр къэхутэныр, абы и зэфІэкІым адэкІэ хэгъэхъуэныр ар къызыхэкІа унагъуэми езыгъаджэхэми я пщэ къызэрыдэхуэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, дызэрыгушхуэ хъун ныбжьыщІэ зэчиифІэхэр ди мащІэкъым.

АПХУЭДЭ еджакІуэ акъылыфІэхэм ящыщщ Зеикъуэ къуажэ дэт 4-нэ курыт школым и 7-нэ классым щІэс Щомахуэ Данэ. Ар жьыджэру хэтщ еджапІэм, районым, республикэм, Урысей псом щрагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэм икІи сыт щыгъуи абыхэм кьыхожанакІ.

Хьыджэбз щ1ыкІум и гупсысэхэр жьыжьэ нос. Ар нэІуэ къыщыкъуащ ди зэхуэзэм. Дызэпсэльэным щхьэусыгъуэ хэхъуар дуней псом щынэхъыфІхэм хабжэ «Артек» сабий зыгъэпсэхуэпІэм Данэ иджыблагъэ зэрыщыІарщ. Пщащэ щ1ыкІум жи1эжьнрэ эытепсэльыхьыжьнрэ и мащІэтэкъым. Бахъсэн районым щыщу лагерым кІэну хуагъэфэщащ Данэрэ и классэгъу Шыгъушэ ФатІимэрэ.

- Си адэ-анэр, си унагъуэр си мыгъусэу зыгъэпсэхуакІуэ сызэрыкІэунум нэщхьей срихьурт, - жеІэ Данэ. - Псом хуэмыдэу фІыщ1эу сльагъу си адэшхэу Зарифрэ си анэшхэу Жанусэрэ сигу къэкІынут. Си щыпхъу щ1ыкІумрэ си дэпъку щ1ыкІумрэ здэсщ1ыну сыхуейт, ауэ ари си Іэ ильтэкъым. Сытми, апхуэдэ Іэмал къыщыкъуэкІым, унагъуэм щІэсхэм сытрагъэгушхуэри, сежьащ Урысей псом щыщІэрыІуэ лагерым зыщыщ1эпсэхуну. Гъэгум дытетыхукІи хьэлэмэт куэд къэтщІащ, щ1ынІэ куэди зэдгъэщІыхуащ.

Сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэгъэза зыгъэпсэхупІэм щынэсам, Данэ хьэщыкъ ящІат а щ1ыпІэм и дахагъымрэ, и къабзагъэмрэ. Лагерым щагъэува мардэмрэ хабзэмрэ сабийр зэрытетри Данэ гъэщІэгъуэн щ1ыхъуахэм ящ1ыщщ.

- Дызэщ1апъ пэшхэр екІуу зэлъыухат, - жеІэ Данэ. - Дыгъэр къыщыщІэкІкІэ, абы и нэбзийхэр пэшым къыщІидзэрт, уи гукъыдэжкІр къалэту. Щхьэгъубжэм укъыщыдэплъкІэ тенджьэ псы щхьэантІэр дахащэу уи нэм къыІуидзэрт. Таурыхъым уэстым хуэдэт. Зыгъэпсэхуп1эм щы1эхэм щы1ын зэщхькІэ зыдагъэхуэпащ, дагъэшха ерыскъыхэри къэуат зыщІэлърэ узыншагъэмкІэ сабэпрэт. Лагерыр сыт и лъэныкъуэкІи екІуу къызэрагъэпэщат. Псом япэу сызэгупсысар зыщ: сэ сыщалъхуа щ1ынал ъэми щ1ыпІэ дахэхэр щы1ын гъэжщ, ауэ дэ ди щ1ыхуэм ахэр кьабзэу зэрахьэркъым. Мы лагерым ущ1а нэужь, щ1ыуэпсым уи зэран зэи иумыгъэкІын гупсысэхэр уи1эу, ар зэребгъэфІэкІуэным уи гур хуэпабгъэу укъокІуэж. Щэч хэмылъу, апхуэдэ зыгъэпсэхупІэ бэлыхьхэр ди республикэми щ1ыпхуэухуэнущ. Дызэрыс щ1ыпІэр жанэтым хуэдэщ, адэкІэ дгъэдэхэнуми дуц1эпІынуми зэлъытар дэращ.

Данэ хьэлэмэт къыщ1ыхьуахэм ящ1ыщ дерсхэм купщІэ я1эу ныбжьыщІэхэм абы зэрыщ1ыдрагъэкІуэкІар. Ливадийск музейм гупыр щашам ягуГащ зыпІлъыхьакІуэ кІуауэ. КъызэрыщІэкІыкІэ, тхыдэмкІэ урокхэр абы щрагъэкІуэкІыну арат. ЕджакІуэхэм гукъинэж ящ1ыхьат Массандрэ къуажэм дэт уардэунэм инджылызыбзэмкІэ дерс гъэщІэгъуэнхэр зэрыщрагъэлъэгъуари. Литературэм хухаха сыхьэтхэм ныбжьыщІэхэр Суксун музейм щыщагъэгъуэщ Іуэхугъуэ кэдым. Щ1эщыгъуэ защІэт ботаническэ хадэм сабийхэм щрагъэлъэгъуэ псори. Данэ тюльпанхэр игу ирихьырти, апхуэдэ удэ гъэгъа лІэужьыгъуэу дунейм 170-рэ зэрыщыІэр къыщІащ, ахэр псори а хадэм щызэхуэхьэсыжауэ захэпльэныр хьэлэмэтт. Хьыджэбз акъылыфІэм гуимыуж щ1ыхъуащ зауэ гъащІэ щекІуэкІа, Севастополь зэрызыщагъэлпЛ1ыхьари.

- Зы махуэ закъуэ къэмынэу щ1ыщыгъуэ защІэу яГъэпсат тхухаха зэманыр, - игу къегъэкІыж Данэ. - Хамэ къэралхэм щыщ еджакІуэ куэди щ1ыт зыгъэпсэхупІэм. Абыхэмрэ дэрэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. ЕджэныкІэ ди Іуэху зытетхэмкІэ, щэнхабзэмкІэ, гъуазджэмкІэ, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я псэукІэхэмкІэ дызэдэгуэшащ. Ди бзэхэр зэтемыхуэми, дэ инджылызыбзэкІэ тыншу дызэгурыІуащ. Ди гъэсакІуэхэм яхэтащ ди Іащ1ыхэмахуэ лъапэ илъэс кьэс зыщ1ысыгъэпсэхухэри.

Данэ фІыщ1э яхуещІ и егъэджакІуэхэу ГъуікІэ Хьэ1ишэт (пащІэдзэ классхэм щезыгъэджам), Абыт1э Сэтэней (адыгэбзэмкІэ), КъалмыкъМадинэ (есэпымкІэ), Іэпщэ Іэсият (географиемкІэ), Мэрщэнкъул Іэминат (инджылызыбзэмкІэ), АбытІэ Маринэ (урысыбзэмкІэ) сымэ.

Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр и кІэм нэблагъа нэужь, ныбжьыщІэхэм зэрырагъэджам щ1ыхьэт техъуэ дипломхэр иратыжащ.

Тхыгъэри сурэтри зейр
ТАБЫЩ Динарэщ.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Дагъыстэным къикІа ныбжьыщІэхэр

Урысей МВД-м Налшык къалэм щ1иІэ полицейхэмрэ абы дэлажьэ Жылагъуэ советым хэтхэмрэ яхуэзащ «Кхъужьей хадэ» санаторэм зыщ1ызыгъэпсэху сабийхэм.

НАЛШЫК къалэм щ1ыІэ УМВД-м полицэм и къудамэ №2-м балигъ мыхъуахэм я ІэхъуэмкІэ и инспектор, полицэм и капитан Беслъэней Залинэ, управлеизм дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэпль Хьэсэнрэ «Строитель» Къэбэрдей-Балъкъэр колледж» Іэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапІэм и унафэщІ Сунш Заудинрэ щ1ыГуу, яхуэзащ Дагъыстэн Республикэм къикІауэ «Кхъужьей хадэ» санаторэм зыщ1ызыгъэпсэху сабийхэм. А з1ыуІэм хэтащ ныбжьыщІи 100-м щ1игъу.

Жылагъуэ лэжьакІуэхэр ди гуэнэгъу республикэм къикІа ныбжьыщІэхэм жраІащ я зыгъэпсэхугъуэр дахэу, гукъинэжу яГъэкІуэну, я узыншагъэм, къарум хагъэхъуауэ гъэ еджэгъуэщІэр щІадзэжыну, Налшык къалэм щалъэгъуамрэ дэзыхьэхамкІэ я ныбжьыгъуэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ хуаІуэтэжыну зэрагуапэр.

Нэхъыжьхэм сабийхэр яущиящ хабзэм емыбжкъуэну, дин, экстремист щІэпхъаджащІэхэм зыкъраныгъэгъэпцІэну, - къет Урысей МВД-м и Управлензэ Налшык къалэм щы1эм и пресс-Іуэхущ1апІэм.

Тхьэзэпль Хьэсэн сабийхэм яритащ и Іэдакъэщ1экІ тхылъхэр.

Зэ1ущІэр Іуэху гуапэкІэ ирухащ. Хьэщ1эхэмрэ зызыГъэпсэхухэмрэ шашкэ зэдзэджэгури, зэныбжьэгъугъэр текІуащ. ИпэжьыпІэкІэ зэныбжьэгъугъэрщ лъэпкъхэр, республикэхэр гъунэгъу зэхуэщ1ыр.

БАХЪСЭН Ланэ.

Джэду Сэкинат

● Щапхъэ

Лъэпкъыр тхуэбагъуэрэ бзэр тхуэбзэрабзэм

ДЖЭДУ Сэкинат 1976 гъэм фокІадэм и 30-м Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. Школым щ1ыщІэса лъандэрэ Сэкинат щІэхъуэпсыр егъэджакІуэ хъуну, ауэ апхуэдэ насып къыщІекъуулІар илъэсиплІ ипэкІщІ - Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкІэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм щІэтІысхьащ. Езанэ курсым щІэсу адыгэ Іуэрыі1уатэмкІэ экзаменыр фІы дыдэу зэритам щхьэкІэ, Щ1ыпІынэ Аслъэн и унагъуэм къыбГэдэкІ стипендиер къыхуагъэфэщауэ щ1ытащ Сэкинат. Абы тригъэгушхуагъанщ - «тху» защІэкІэ еджащ. Фы дыдэу зэреджам и мызакъуэу, ар хэтащ университетым щрагъэкІуэкІ пшыхьхэм, зэ1ущІэхэм, конференцхэм. ЕкъулІэныгъэу зы1эригъэхьахэм я щ1ыхьэтщ абы зыбжанэрэ къыхуагъэфэща щ1ыхь, фІыщІэ тхьылъхэр, абыхэм я щхьэжщ къихьа диплом плъыжьыр.

Сэкинат зэрыжи1эмкІэ, абы фІэфІщ усэ къеджэни ахэр зэдзэкІыни. Езыми усэ зыбжанэ итхауэ и1эщ.

Пащащэм мурад куэд зэрИэм шэч хэлъхъыми, ауэ псом япэ иригъэщІыр и щІэныгъэм адэкІи хигъэхъуэныщ.

И анэдэлъхубзэр зэрыльэкІкІэ игъэбзэрабзэу, езым и бынхэм я мызакъуэу еджакІуэ щ1ыкІуэхэри абы щІипІыкІыу Сэкинат къыбгъэдэкІуэгущІэм хуэзэфІэкІ кьимыгъанэу ирикІуэну и гугъэщи, и мурадхэр Алыхьым къыхуэзэпищэ!

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Дыщалъхуа щ1ынал ъэм

Бгыхэм ятхьэкъуа пщащэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Автозапчасть»-р япэу Псыкуэд щыхагъащІэ

● Футбол

ФІы псори зэгуэр еух: Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщ1идзэрэ иджы япэу къыхагъэщІащ республикэм и нэгъабэрей чемпион «Автозапчасть»-р. А Іуэхугъуэм занщІэу зэпеуэр къызэщІигъэплъащ.

ПСЫКУЭД къуажэм и футбол командэр мы гъэм япэу гуп нэхъыщхьэм хэхуауэ аращ икІи занщІэу пщІэ зыхуригъэщІу щІидзащ. Абы щыщІэгъуэр кьикІуэт зымыщІэхэщ икІи Іэзагъ зыбгъэдэлъхэщ. Аращ зэхьэзэхуэм хъарзынэу щ1ыхьэзэгъэхэр икІи яхуэфэщэн увыпІэ лъагэ щІаІыгъыр. А псом ищІыІужкІэ псыкуэддэсхэм къайхъулІащ иджыри кьэс адрейхэм яхуэзэфІэмыкІар - зэпеуэм пашэныгъэр щ1ызыІыгъ «Автозапчасть»-р япэу хэзыгъэщІэфар ахэращ. Пэжщ, джэгур хуабжьу гуащІэу щытащ икІи лъэныкъуэхэр кэдрэ зэныкъуэкъуащ: япэ увыпІэм щытым нэгъуэщІу упэлъэщ1ынукъым. ИкІэм-икІэжьым, «Псыкуэдым» зы топкІэ нэхъыбэ и хьэрхуэрэгъуэм худигъэкІри, зэхьэзэхуэм бжьыпэр щ1ызыІыгъыр иригъэкІуэтащ.

А Іуэхугъуэр хъарзынэу кьигъэсэбэпащ «Тэрчым». «Бахъсэным» бжьыгъэшхуэкІэ ефІэкІри, абы «Автозапчасть»-м гъунэгъу дыдэ зыхуищІащ икІи иджы къыз1эрыкІэрыхужьыр очкоитІ кьудейщ. Зэхьэзэхуэр адэкІэ нэхъ удэзыхьэх зэрыхъунум ар и нэщэнщ.

Пашэхэм я зэныкъуэкъуныгъэр зэщІэплъэми, къыкІэрыкхуэм я Іуэхуэр зэрыщытщ. Пэжщ, «ГорИс-179»-р я щІэм зэрыпагъэжурэ прохладнэдэсхэр джэгуГуищ хуауэ зыми къыхигъэщІэжыркъым, ауэ езыри зытекІуэфа щ1ыхьэм. Мис аргуэри абыхэмрэ «Керт»-мрэ мамырыгъэкІэ зэбгъэдэкІыжащ. Апхуэдэу щ1ыт пэтми, «Прохладнэм» хуэм-хуэмурэ и очко бжьыгъэм хегъахъуэ икІи «Бахъсэным» лъэщІыхьэжакІэщ. Зэ-т1эу зэкІэлъхьэжьку текІуэмэ, щ1ытыкІэ гуГуэм къикІыфину Іэмал щ1ыІщ.

Гъащ1ъхуэхэм я зэпеуэм пашэныгъэр щ1ызыІыгъыр яхъуэжащ. Иджыри къэс псоми яп1э ита Иуан Азрэт («Керт») топищкІэ щхьэщ1ыкІащ «Автозапчасть»-м щ1ыджэгу Хъэбылэ Алим. Абыи бэнэныгъэ зэрыщ1ыдзэщІэплъэу аращ.

Иджы щ1ыгъуазэ фІыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІэжкІ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэ1ущІэхэм къарикІуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **3:2**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Велес-СДЮСШОР»** (Къэрэгъэш) - **2:0**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **2:5**, **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **«Керт»** (Къэхъун) - **1:1**, **«Жулдуз»** (Хьэсэней) - **«Къундетей»** (Шэрдэжэм) - **1:2**, **«ХьэпІохъущ1ыкъуей»** (ХьэпІохъущ1ыкъуей) - **«Бедик»** (Аргудан) - **1:3**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Союз»** (Сэрмакъ) - **2:5**, **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **0:5**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщ1ыкІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	18	15	2	1	95-12	47
2.	«Тэрч»	18	15	0	3	51-12	45
3.	«Бедик»	18	12	2	4	40-18	38
4.	«Союз»	18	11	3	4	64-38	36
5.	«Псыгуэнсу»	17	10	4	3	48-31	34
6.	«ЛогоВАЗ»	18	10	2	6	43-31	32
7.	«Керт»	18	9	5	4	53-30	32
8.	«Псыкуэд»	18	7	5	6	40-42	26
9.	«Велес-СДЮСШОР»	18	7	4	7	35-35	25
10.	«Къундетей»	18	7	2	9	32-46	23
11.	«Нарт»	18	6	3	9	40-41	21
12.	«ХьэпІохъущ1ыкъуей»	18	4	2	12	27-51	14
13.	«Родник»	18	3	4	11	29-59	13
14.	«Бахъсэн»	18	2	1	15	18-76	7
15.	«Прохладнэ»	17	0	7	10	22-67	7
16.	«Жулдуз»	18	0	4	14	19-67	4

● Гу зылъытапхъэ

Прокуратурэр коррупцэм и бийщ

«Щ1алэгъуалэм я дуней» щ1ынал ъэ зэхуаку жылагъуэ фондыр щ1ыгъуу, Урысей Федерацэм и Прокуратурэ нэхъыщхьэм къыхелъхьэ «Прокуратурэр коррупцэм и бийщ» зыфІаща «Іуэху еплъыкІэщІэ» VIII Урысейпсо зэпеуэр.

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩ1АКІУЭХЭМ щ1алэгъуалэр къыхураджэ коррупцэр къызыхэкІ щхьэусыгъуэхэм щ1ыпІэ псоми зэрыщебэн иджыпей Іэмалхэр яджыну икІи абы и лъэныкъуэкІэ прокуратурэм и къудамэхэм я зэфІэкІыр кьалъытэу, коррупцэм зэрыпэщІэт нобэрей щапхъэ творческэу ягъэпсыну.

Зэпеуэр мыпхуэдэ ІуэхугъуэхэмкІэ ирагъэкІуэкІ:

- «Социальнэ плакат»,
- «Социальнэ видеоролик».

Зэпеуэм хыхьэнум плакат е видеоролик игъэхьэзыру 2017 гъэм фокІадэм и 29 пщІондэ зэхьэзэхуэм и WWW.tvoykonkurs.ru официальнэ сайтым заявкэр иритын хуейщ.

Щ1эупщІэнуэр 8 (495) 640-09-39, 8 (925) 112-82-25 телефонхэмкІэ фыпсалъэ, апхуэдэу зэпеуэм и WWW. tvoykonkurs.ru сайтыр къэвгъэсэбэп.

ТекІуэхэмрэ увыпІэ нэхъыфІхэр къэзыхьахэмрэ Коррупцэмебэныным и къэрал зэхуаку махуэм - дыгъэгъазэм и 9-м - Урысей Федерацэм и Прокуратурэ нэхъыщхьэм щагъэлъэпІэнущ.

«КъБР-Медиа» ГКУ-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщ1ыдэкІынур щ1ыщхьэу1ум и 5-рщ.

Псыхъуэ щІэращІэ

«Ди псы хущхъуэхэм я псыхъуэкІэ» дызэджэ зыгъэпсэхуп1эхэм я нэхъ дахэхэм ящ1ыщ зым - «Нарзанхэм я ауэ» щ1ыпІэм - ц1ыхухэр зэрекІуалІэ гъуэгухэр, сэкъат зэрагъуэту, зыхуей хуагъаз.

ЛЭЖЬЫГЪЭ нэхьыбэ щ1ызэтрихьэр псы хущхъуэхэм я Іэгъуэблагъэр кьабзэу зехьэнымрэ турист екІуэлІапІэхэр иджырей щапхъэхэм тету кьызэгъэпэщ1ынымрэщ. Къапщтэмэ, пхъэнкІиймрэ кІэрыхубжьэрыхумрэ зэщІэзыкъуэ лэжьакІуэ гупхэр щ1ыІэщ. Мы щ1ыпІэ дахэм зыщ1ызыгъэпсэхуну хуейхэм папщІэ лы гъэжьапІэхэмрэ тетІысхьэпІэхэмрэ я яГъэващ. Псом хьэкъуэ куэдыр зыщІэуп1эращи, транспорт гъэувыпІэхэм елэжьащ, абы и лъэныкъуэкІэ щ1ыхуэхэр зытегуэвыхьыж щ1ымпэщынымрэщ. Къапщтэмэ, пхъэнкІиймрэ кІэрыхубжьэрыхумрэ зэщІэзыкъуэ лэжьакІуэ гупхэр щ1ыІэщ. Мы щ1ыпІэ дахэм зыщ1ызыгъэпсэхуну хуейхэм папщІэ лы гъэжьапІэхэмрэ тетІысхьэпІэхэмрэ я яГъэващ. Псом хьэкъуэ куэдыр зыщІэуп1эращи, транспорт гъэувыпІэхэм елэжьащ, абы и лъэныкъуэкІэ щ1ыхуэхэр зытегуэвыхьыж щ1ымпэщынымрэщ. Къапщтэмэ, пхъэнкІиймрэ кІэрыхубжьэрыхумрэ зэщІэзыкъуэ лэжьакІуэ гупхэр щ1ыІэщ. Пхъэм къыхэщІыкІа унэ щ1ыкІуэм я бжьыгъэм къыхагъэхъуэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэм гущІыхьэ ящ1ыхъуащ Амман щызэхэт Адыгэ Фіыщ1э Хасэм и хасащхьэм хэта, лъэпкъ Іуэхур дгъэкІыным хэлІыфІыхьа, Иорданием и профсоюз зэгуэныгъэхэм я унафэщІым и къуэдзэу щ1ыта, Хэкъжьыр зи гущІагъэщІэлъ псэуа, абы кьэдрэ къэкІуэжа **Нэхущ Хьэний Хьэзиз и къуэр** дунейм зэрехьжар икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогуэавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжьыгъэхэм, къыщ1эта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап ях. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щ1эту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щ1ытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** редактору **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.) корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Щомахуэ Маринэ, Ныр Сандэ, Бешто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.490 ● Заказ №973